

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung deskripsi dina bab saméméhna ngeunaan kalimah salancar jembar dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapanggih aya 98 data kalimah salancar jembar. Ieu ngawengku adegan kalimah salancar jembar sarta wanda harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana.

Kadua, hasil analisis data dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung kapanggih adegan kalimah salancar jembar anu ngawengku 10 pola, di antarana: 1) pola 1: Jejer + Caritaan + Katerangan, kapaluruh aya 37 kalimah, 2) pola 2: Jejer + Caritaan + Udagan + Katerangan, kapaluruh aya 6 kalimah, 3) pola 3: Katerangan + Jejer + Caritaan + Katerangan, kapaluruh aya 22 kalimah, 4) pola 4: Jejer + Caritaan + Katerangan + Katerangan, kapaluruh aya 7 kalimah, 5) pola 5: Jejer + Katerangan + Caritaan, kapaluruh aya 1 kalimah, 6) pola 6: Katerangan + Jejer + Caritaan + Panglengkep + Katerangan, kapaluruh aya 2 kalimah, 7) pola 7: Katerangan + Jejer + Caritaan + Udagan, kapaluruh aya 4 kalimah, 8) pola 8: Katerangan + Jejer + Caritaan + Panglengkep, kapaluruh aya 2 kalimah, 9) pola 9: Katerangan + Katerangan + Jejer + Caritaan-Katerangan, kapaluruh aya 1 kalimah, jeung 10) pola 10: Katerangan + Jejer + Caritaan, kapaluruh aya 1 kalimah. Ku kituna, dumasar hasil panalungtikan, dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung laloban maké pola 1, nu diwangun ku jejer, caritaan, jeung katerangan.

Katilu, hasil analisis data dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung kapanggih wanda harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana, anu ngawengku 4 harti kalimah salancar jembar. Dumasar analisis kapanggih aya 4 wanda harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsionalna, di antarana: 1) kalimah salancar jembar tempat, anu kapaluruh aya 66 kalimah, 2) kalimah salancar jembar waktu, anu kapaluruh aya 41 kalimah, 3) kalimah salancar jembar tujuan, anu kapaluruh aya 2 kalimah,

jeung 4) kalimah salancar jembar pangbarung, anu kapaluruh aya 9 kalimah. Ku kituna, dina karangan pangalaman pribadi siswa lalobana miboga harti katerangan tempat.

Tina analisis nu geus dipedar di luhur, bisa dicindekkeun yén kalimah salancar jembar dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung saupama ditilik tina adegan kalimah salancar jembarna lalobana nyoko kana pola 1: Jejer-Caritaan-Katerangan. Sedengkeun nurutkeun wanda harti kalimah disawang tina fungsi kateranganana, lalobana nyoko kana kalimah salancar jembar anu miboga harti katerangan tempat.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan, sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun adegan sarta wanda harti kalimah salancar jembar dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung, dipiharep bisa ngaronjatkeun karep siswa dina nulis karangan, utamana nulis karangan pangalaman pribadi siswa, ari dina dunya atikan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran pangaweruh ngeunaan adegan sarta wanda harti kalimah salancar jembar, husuna mahasiswa.

5.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun ku panulis pikeun kahareupna, di antarana:

- 1) Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan kalimah salancar jembar anu aya dina karangan pangalaman pribadi, hasil siswa kelas VII SMP. Ku kituna, perlu aya panalungtikan anu ngulik kalimah salancar jembar anu sumberna tina karangan séjén, sangkan bisa méré bébédaan tina basa nu dipakéna atawa adegan kalimahna.
- 2) Dina ieu panalungtikan ngan saukur ngulik kalimah salancar jembar tina adegan kalimahna sarta wanda harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu leuwih lega ambahanana.

- 3) Ieu panalungtikan masih keneh sacara murni nganalisi jeung ngadéskripsikeun kalimah salancar jembar tina adegan sarta harti kalimah nu disawang tina unsur fungsional kateranganna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah salancar jembar nu dipatalikeun kana bahan katut prosés pangajaran di sakola sangkan jadi référénsi pikeun guru nalika prosés pangajaran lumangsung di lapangan.